

Budugbasu jeung Jakatua

Aya dua sadulur. Duanana lalaki, geus jajaka. Hirupna layout pisan. Nepi ka dewasa tara kabéjakeun aing-aining. Som komo nepi ka paséa atawa mumusuhan mah. Bubuhan deukeut ti leuleutik, raket ti bubudak.

Hiji mangsa éta dua sadulur téh tepung jeung hiji Mojang. Éta mojang téh aya ku geulis. Geulisna kawanti-wanti, méncrang kabina-bina, lir widadari nu lungsur ti kahiangan. Munasabah lamun éta dua jajaka téh ujug-ujug katarik ati kagembang manah, kajamparing asih ku nyi Mojang.

Lanceukna anu mimiti balaka téh, majar ngarasa bogoh ka éta Mojang. Ngadéngé kitu, puguh baé adina asa kapiheulaan. Tapi manéhna teu bisa ngalawan ka lanceuk. Rasa kuciwana dipendem baé ku sorangan. Ka lanceukna ogé teu iuh dibetuskeun.

Ari lanceukna, ka nyi Mojang téh kawasna mah enyaan bogohna. Malah tuluy jorojoy boga niat hayang mihukum éta awéwé pikeun dijieun pamajikan. Ngan meureun kudu dilamar heula. Tah, lebah urusan ngalamar mah, sakumaha adat di lemburna, kapan kolot bagénana. Ngan ki lanceuk téh gedé kaéra. Majar téh nya kudu kumaha nyaritana ka kolot lamun manéhna hayang mihukum nyi Mojang.

Nu matak, manéhna tuluy minangsaraya ka adina.

“Sugan Ki Adi daék nulungan Akang. Cing pangnyaritakeun ka Bapa, mun Akang hayang ngalamar Nyi Mojang,” kitu pokna.

Adina teu lé mék teu nyarék. Tapi ari rék mungpang ka lanceukna mah manéhna gé teu wani. Bari kapaksa, manéhna tuluy nepungan bapana, pikeun nepikeun amanat ti lanceukna téa. Sanajan dina haténa mah tetep manéhna teu iklas, da papada boga rasa bogoh ka awéwé anu sarua.

Tah, lebah nepikeun kahayang lanceukna téa ka bapana, manéhna kalawan teu sadar geus ngagoréng lanceukna. Kajurung ku napsu kapegeung sigana mah. Majar téh si kakang mah lain lalaki, borangan taya kawani. Daék bobogohanana wungkul. Lebah ménta kawin mah tetep baé manéhna nu kudu nyarita ka kolot. Embung ku sorangan.

Ngadéngé kitu, bapana reuy geuneuk bakat ku ambek. Pédah tara-tara ti sasari anakna boga sipat goréng kawas kitu. Teu iklas lebah kudu silih tulungan. Pok bapana nyarita, “ti iraha manéh boga hate goréng ka lanceuk. Lain mah anteur kahayang lanceuk manéh téh. Ieu mah kalah digogoréng teu puguh. Kalakuan goréng patut deuleu nu kitu téh!!”

Ambek bapana téh katutuluyan. Malah bakat ku ambek sigana mah, lantaran nempo anak ujug-ujug robah adat, nepi ka pok pisan nyupata, “Budug siah boga hate goréng siga kitu mah.” Meureun kudu geus kitu jadina. Sabada bapana nyarita kitu, dadaksakala éta jajaka téh barudug saawak-awak.

Ki jajaka kacida sediheunana, asa diteungteuinganan ku nu jadi kolot. Jaba éra deuih, boga awak budug. Ceuk pikirna, batan aing nandangan wiwirang anu sakieu poharana, mending paéh baé sakalian. Léos manéhna ka basisir, sarta tuluy ngunclungkeun manéh ka tengah laut. Kersaning Hyang Widi, barang gejebur téh, éta jajaka robah jadi lauk. Ku urang lembur éta lauk téh dingaranan Budugbasu. Kamamana Budugbasu mamawa haténa anu gudawang, sarta ambek ka lanceuk jeung ka bapa.

Béja majar adina meunang supata ti kolot téh antukna nepi ka lanceukna. Puguh baé ki lanceuk téh reuwas. Ras ka adi anu geus sakitu sakulah-sakolihna. Manéhna henteu nyangka sacongo buuk, lamun adina sarua neundeun duriat ka nyi Mojang. Manéhna tuluy ngajanteng di basisir bari ngalamun mikiran nasib adina.

Pok manéhna ngagerendeng, “Tapi aya alusna mun adi euweuh téh, lantaran moal aya nu ngaganggu kahayang aing pikeun ngawin nyi Mojang.”

Éta omongan ki lanceuk téh teu ku hanteu kadéngéun ku Budugbasu nu keur liar teu jauh ti dinya. Nyel Budugbasu ambek. Keur gé tadina boga kanyeri, kari-kari disuat-suat. Ngan pok baé nyarita Budugbasu téh, “Héh Kakang, asa kacida teuing. Lain mah nulungan adi, bet kalah ka nganyenyeri.” Tuluy Budugbasu neneda ka Nu Kawasa, sangkan lanceukna gé disupata, sina ulah payu ka awéwé. Sina jomblo Saumur-umur.

Ku pangersa Nu Maha Kawasa, panglamar ki lanceuk ka nyi mojang téa ditampik sapajodogan. Nyi Mojang dumadakan siga ngéwa kacida ka si éta jajaka. Atuh kahayang ki lanceuk pikeun mihukum nyi Mojang téh tinggal kahayang, da gening kitu tungtungna. Malah waktu manéhna néangan gantina, taya hiji ogé awéwé anu resepeun ka manéhna. Sok komo daék dipihukum mah. Antukna éta jajaka téh jomblo saumur-umur.

Lantaran sedih mikiran nasib, antukna éta jajaka aral sorangan. Ceuk pikirna asa euweuh gunana hirup gé, da gening euweuh saurang gé mojang anu daék deukeut ka manéhna. Léos ka basisir, tuluy ngunclungkeun manéh ka tengah laut, niat hayang nemahan patina sorangan.

Ari gejebur, ari kucibek téh manéhna ogé robah jadi lauk. Nasib nu kaalaman ku manéhna teu béda jeung nasib adina anu leuwih ti heula salin rupa jadi lauk. Lauk jirimna ki lanceuk téh ku urang lembur tuluy dilandi Jakatua.

Salila jadi lauk téh, Budugbasu jeung Jakatua teu weléh gétréng. Bongan geus pada-pada nyieun codéka. Mun geus gétréng kitu téh, laut dumadakan jadi motah. Ombak pagulung-gulung. Angin tinggelebug. Mun geus kitu, teu saeutik pamayang anu jadi korban kagangasanana.

Kacaturkeun Nyi Mojang téa. Lila-lia mah manéhna teu burung manggih jodo. Béja nyi Mojang rék kawin ka jajaka séjén, kadéngéun ku Budugbasu jeung Jakatua. Nyel éta dua sadulur téh ambek. Laut ngaguruh, angin tinggelebug. Geleger aya sora, “Lamun anjeun jadi kawin jeung lalaki séjén, amngka anjeun kudu séba heula ka kami. Mun henteu, ulah sambat kaniaya. Lembur ku kami bakal dileburkeun. Unggal pamayang bakal dikelemkeun.”

Sieun bisi aya kajadian anu teu dipikahayang, nya kapaksa nyi Mojang jeung urang lembur ngayakeun pésta di kaut, nyérénkeun séba keur Budugbasu jeung Jakatua. Nu disébakeunana hulu munding jeung jeroanana.

Tah ti harita mimiti aya pésta laut téh. Sanajan Budugbasu jeung Jakatua henteu ménta pésta unggal taun, tapi urang basisir saban taun ngayakeun séba sangkan lamun manéhna mayang ka laut pinanggih kasalametan.